

# WE ARE YOUR DOL



Depatman ki Responsab Prensip nan Travay (Division of Labor Standards)

## Avi Konsènan Pwosesis Aplikasyon Prensip nan Travay yo

### Resepsyon ak Revizyon Plent

Lè yon moun kominike swa an pèsòn, pa telefòn oswa pa lapòs ak **Depatman ki Responsab Prensip nan Travay** la konsènan yon plent ki gen rapò ak travay, premye etap nou se pou gade si pwoblèm nan se youn kote nou gen otorite legal pou pran desizyon – menmsi pwoblèm ki genyen an nan limit "otorite" nou. Si l pa nan limit otorite nou, n ap fè tout sa nou kapab pou voye w al jwenn ajans oswa òganizasyon ki ka ede w pi byen an. Si plent ou a **se** nan limit otorite Prensip Travay yo, y ap mande w pou w ranpli yon **Fòmilè Reklamasyon**. Lè nou fin analize Fòmilè Reklamasyon ou voye a, n ap fè w konnen pa lapòs sou nimewo **dosye** ki asosye avè l la. Yon "plent" vin tounen yon "reklamasyon" lè fòmilè reklamasyon an fin ranpli ak anrejistre. Yo ka mande w pou w bay plis enfòmasyon nenpòt lè pandan n ap mennen ankèt sou reklamasyon an.

### Ankèt sou Reklamasyon:

Menm jan detay ak sikonstans yo ka diferan pou chak reklamasyon, se konsa pwosedi ak metòd **Depatman** an itilize pandan ankèt la ka diferan tou. Kantite tan ki nesèsè pou pwosesis sa a diferan tou, sa plis depann de nivo kolaborasyon konpayi a, rapidite repons lan lè yo mande nenpòt pati pou bay enfòmasyon, ak si gen prèv solid ki disbonib, tankou dosye, temwen, elt.

An jeneral, ankèt la kòmanse lè **Depatman** an kontakte konpayi a swa pa telefòn, pa mwayen lèt oswa toulède. Si konpayi a pa reponn premye lèt la (an jeneral, yon dokiman ki rele "**Lèt Koleksyon**"), nou ka voye yon dezyèm lèt. (Nan kèk sitiyasyon, yo ka deplase pou fè yon ankèt.) Pafwa, yo ka mande konpayi a pou patisipe nan yon reyinyon pou pale sou kesyon ki gen rapò ak reklamasyon an. Lè gen pa gen antant oswa règleman yo pa respekte, nou ka planifye yon **Rankont Sou Respè Règleman yo** - kote nou envite toulède pati yo - pou rezoud pwoblèm ki genyen an.

### Rezilta yo:

Lè yon ankèt montre gen yon vyolasyon ki egziste, epi konpayi a pa respekte règleman yo oswa pa bay dedomajman, Komisè Travay la ka pibliye yon **Manda pou Respekte Règleman**.

### Kontestasyon:

Yon konpayi ki santi rezilta Dapattman an mete nan **Manda pou Respekte Règleman** an enjis ka mande Komite Kontestasyon Endistriyèl la pou l fè yon odyans ofisyèl. Pandan pwosesis kontestasyon sa a, Depatman Travay Eta New York la reprezante anplwaye a(yo).

### Pwosesis Kriminèl/Sivil:

Si yo pa depoze okenn kontestasyon nan tan apwopriye sou **Manda pou Respekte Règleman** an epi konpayi a toujou pa voye pèman ale, yo ka transfere dosye a nan Biwo Avoka Jeneral la pou aplikasyon sivil, kote y ap fè yon "**jijman lajan**". Anplis de sa, yo ka chwazi bay yon referans **pousuit kriminèl** bay Avoka Jeneral la - si prèv la sifi e gen lòt kritè legal (tankou yo konnen sa konpayi a ap regle) pou yo ka aksepte dosye a. Y ap mete soupye yon pousuit kriminèl pou vyolasyon nan lwa Eta New York e se pa pou okenn kantite lajan yo ka dwe pati ki afekte yo.

### Fè nou Konnen:

Tanpri asire w ou fè nou konnen nenpòt chanjman nan adrès ou oswa fè nou konnen nenpòt detay enpòtan konsènan dosye w la, tankou resi pèman nan reklamasyon w lan, konpayi w t ap travay la kontakte w, elt.